Берашна Библи
Д1агойту



# Нохьа а, Она Хихьадар а

Автор: Edward Hughes

Иллюстраци йина: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Адаптаци йина: M. Maillot; Tammy S.

Гочдар: www.christian-translation.com

Зорбане яьккхина: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
Лицензи: хьан копировать ян я зорбане яккха бакъо ю, нагахь санна и копи йохка новкъа ца яьккхинехь.

Нохьа Дела бакъвеш стаг вара. Бисанчарна веза а ца везара Иза, цо бохург а ца дора. Дала инзаре дерг аьлла: “Ас х1аллакдиййра ду х1ара талхийна дуьне”.



Т1аккха аьлла Дала Нохьега: “Хьан доьзал бен к1елхьара бера бац”.



Дала хаам бина Нохьега, дуьне хи а хьадда, къайладоккхура ду аьлла.
"Дечках хурдакема де. Хьан доьзална а, дукхахйолчу дийнаташна а тоьура долу хихола де"-аьлла омра дира Нохьега.
Нохьега оьшучу барамехь т1едахкарш а делира.
Нохьас болх д1аболийра.



Нах бийлина хира бара Нохьас ша хйрдакема х1унда до дийцича.



Нохьаса шен болх кхинд1а бора. Цо иштта адмашка Дела а вуьйцура. Цхьаммо а ла ца дог1ара.



Нохьехь ч1ог1а Делах тешар дара. Иза ч1ог1е тешара Делааха, шена цкъан а дог1а ца гиншехь. Мелла а хан яьлчи хурдакема оьшург т1ейотта кийча дара.

Цулла а т1аьхьа акхарой а яьхкира. Дала х1ора тайпанах ворх1 ялийра, шишша кхечарех а.



Кегий-даккхий а олхазарш, лохий-лекхий а акхарой а-дерриш хурдакемехьа д1адуьйладелира.



Нохьас даьхьний
хурдакеман т1е дохучу
хенахь, наха новкъадог1у
дешнаш хазош хилла
хира ду.



Цара Далла ца дезна къинош леточара ца совцадора. Цара ца дийхира Нохьега хурдакеманчу валар.





Т1аьххьара
а ерриге а
дийнаташ
хурдакемант1ехь
хилира. "Хьо хьайн
берриге а доьзалца
хьалавала"-Омра
дира Далп Нохьега.



Нохьа а,
цуьнан зуда а,
цуьнан кхо
к1ант а шейн зударшцана
цхьана хьалабевлира
хурдан кеман т1е.  Цулла
т1аьхьа Дала не1 т1екъевлира.



Цулла т1аьхьа дог1а деара. Шовзткъа дийнахь дог1а ихира латтан т1е.



Хе шахьарш
а ярташ а
д1ахьулйира. Дог1а сецначу
хенахь лаьмнаш а хина бухахь
дара. Са мел доь1ушер геллера.



Хиш хьаладевллачу хенахь хурдан кема а хьаладелира. Чохь 1аьржа а йолш, т ехка а веш инзаре хилла хира яра. Амма хурдакемано хих ларвора Нохьа.

Хи хьаьдда пхи бутт баьлча, Дала мох баийтира мохк дуьне дакъо. Хурдан кема 1арарат лаьмнашкахь сецира.  Кхин а шовзткъа дийнахь, хи охьададаханчулла т1аьхьа,

Нохьа цу чохь 1ира.



Нохьас къиг а, кхокха а диллинчу корехула арахийцира.  Бекъа а, ц1ена а сада1а меттиг а ца карийна кхокха юхабеара Нохьа волчу.





Цхьа к1ира даьлчи,
Нохьас юха а
арахийцира кхокха.
Къона оливин г1а з1акарца
а долш юхабеара кхокха.
Т1едог1учу к1ирнаха Нохьина
хаьара латта декъа
хиллий, х1унда
аьлчи кхокха юха
ца беара.

Дала хаам бира Нохьега, худакема дита аьлла. Шен доьзалца цхьана Нохьас дийнаташ арахийцира.



Мел реза хилла хира ву Нохьа шена. Цо алтарь а йина, ша а шен доьзал а инзарчу хих к1елхьара дахарна, Далла хастам бира.





Дала Нохьина
хаза дош делла,
Ша кхин цкъа а
хи хьодуьйтура
дац нехан къинош
такхийта.

Дала
тоьшаллина
стела1ад
х1оттийна.

Нохьас а цуьнан т1ехьено а керла дахар д1адолийна. Заманан йохаллехь цуьнан т1аьхьено дериг а дуьне дуьзина. Дуьнен т1ера дерриге а къаьмнаш Нохьех а цуьнан берех схьадевлла ду.



Нохьа а, Она Хихьадар а

Делан Дашца истории, Библи

чохь ю

Хилам 6-10

“Хьан дешнех бакъдерг кхетаме ду.”
Псалом 119:130

Чаккхе

3

60

Х1окху Библин историно дуьйцу, хьо кхоьллинчу, Ша хьуна вевзийла луучу исбаьхьчу Делах лаьцна.

Далла хаьа Ша къа олуш долу вон х1умнаш вайгара дийлинийла. Ахь диначу къинна хьуна 1ожалла йог1у, амма Далла хьо сила ч1ог1а дукхавезарна шен цхьаъ бен воцу к1ант 1иса воуьйту, хьуна хьалхара ж1ара т1ехь вала а, ахь дина къинош такха а. Цул т1аьхьа 1иса, дуьнен т1е а вог1ий, юха стигала хьалавоьду! Иза хьан дахаре а веана, хьо цуьнца азаллехь вехара ву.

Хьо тешахь иза бакъ хиларх ала Деле: Хьомсара 1иса, со хьо Дела хиларх а теша, хьо сан къиношна хьалхара валархьама адам хиларх а теша. Х1инца хьо юха а дийна ву. Доьха Хьоьга, Хьайца цхьана дийнахь азаллехь хилархьама керла дахар доладайтахьа соьга, сан дахаре а волий гечдехьа суна сан къинош а. Г1одехьа Хьайна т1еверза а, Хьайн Бера санна ваха а. Амин.

Библи еша. Делаца денна а къамел де. Ивана 3:13